ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№№33-34 (22.192) ● 2012 гъэм мазаем (февралым) и 25, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 6-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Рахаев И.А. «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и мэкъумэш хозяйствэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІэ льапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Республикэм и мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным кІаруушуэ зэрырихьлІам икІи илъэс куэд льандзэр хэзылэлу зэрылажьэм папщІэ «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и мэкъумэш хозяйствэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІэ льапІэр фІэщын **Рахаев Исмэхьил Абдулэрим и кьуэм** - Шэрэдж муниципальнэ районым щыщ Безенги къуажэ жылагъуэм и Іэтащхьэм.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм мазаем и 20-м
№29-УГ

Къэбэрдей-Балкъэрым и экономикэр: къикІуэтыпІэ щыІэкъым

Нужрей ильэситхум Къэбэрдей-Балкъэрыр мызыкІыпІэу гъэуэгъуныгъэхэм хэхуащ. Нужрейуэ ар зыІууа гугъуехьхэм ящыщщ дуней псор зэщІэзыубыда финанс кризисым и Іужьхэр, терроризмым и щыналъэ зэрытелъаи къуэрыгъэ, мыхьэнэ зыжьугъэр кьмагъэІасхьэу. Республикэм и унафэщІхэм инвестицэ политикэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэр тэмэму кьыдзэрыхахам, а Іуэхум егупсуу зэрыбгъдыхьам и фІыщІэкІэ Къэбэрдей-Балкъэрым кьыщагъэтІэсхьакьым Іэнатіэхэм зэрыпэрыт жыджэрагъыр. Абыхэм ятеуухащ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іэтащхьэ Кьанокьуэ Арсен Башир и кьуэм ди журналым кьрита интервьюр.

- Кавказ Ищхьэрэм щыІэ республикэхэм я нэхъыбапІэм я бюджетхэр инкьым, абы кьыхэкІыу ахэр хущІокьу инвестицэ политикэр тэмэму зэрауфбыхуным. Къэбэрдей-Балкъэрым индустриэ сыт хуэдэ инвестицэ проектхэр щыІэ?

- Къэбэрдей-Балкъэр Республикэхэм я нэхъыбапІэм я бюджетхэр инкьым, абы кьыхэкІыу ахэр хущІокьу инвестицэ политикэр тэмэму зэрауфбыхуным. Къэбэрдей-Балкъэрым индустриэ сыт хуэдэ инвестицэ проектхэр щыІэ?

- Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іэтащхьэ Кьанокьуэ Арсен

Проект нэхъ ин дыдэм - полимер кьабзэхэр кьыщІэзыгъэкІ завод Май районым щыхуэунэ - щІадзауэ йолэжь. Іджьыблагъэ республикэм генеральнэ зэгурыІуэныгъэ ярищЫлІащ «Thyssen Krupp Ühde» компаниемрэ «Этана» ООО-мрэ. Мы проектым сом мелард 15-м щІигъу кьыхуэзщІагъэІуэну я мурадщ. А Іэнатіэр лажьэу хуежьжэм, дэ Урысей Ипщэм и мэкъумэшыщІэ псори зыхуеину тарэкІэ кьыхэзгъэпэщыфынущ. Абы кьыдэкІуэу кьэтхэлъэгъуэн хуейщ проектым социальнэ мыхьэнэщхуэ зэриІэр: езы Іуэхущапіэм цыху мини 2,5-рэ щылэжьынущ, абы кьегъэщІыла Іэнатіэхэр куэд зэрыхъунэм икІи зыужьынырыгъэшхуэ зэрагъэтынум и фІыщІэкІэ псори зэхэту лэжьапІэ Іэнатіэм 75-м нэс щІэуэ кьыкІэлъыхьнущ. Урысей Федерацэм и Инвестицэ фондым кьнутІыпщащ сом мелард 1,5-мкІэ иджьпсту заводым и инфраструктурэр зэтрагъэувэ, апхуэдэу кьэралым и дэЗпыкъуныгъэ пыухыкІа кІыкІэгъэзэпэщынымкІэ хэмылІэхэм дыхоплъэ. Проектыр щагъэзащІэ щІыпІэр индустриальнэ паркым и хабзэм нэс иратынущ. КьэлъэІуа псоми я щІэкІэ кьэралыр шэсыпІэ иувэнщ. Нобэм ирихьэлІэу псори зэхэту сом мелуан 554-рэ зытекІуэрэ заявкэу 71-м хэпльащ. А проектхэр зэрагъэзэщІэнум и фІыщІэкІэ, Къэбэрдей-Балкъэрым лэжьапІэ Іэнатіэщхьэ кьыщыхэзыгъэхьанущ.

- Ищхьэрей зэманым екІуэкІа инвестицэ зэхуэсышхуэхэм Къэбэрдей-Балкъэрым кьыщыхилъхьа проектхэм ятепщыхьмэ, яджьипсту фэ нэхъ зытеигъащІэр промышленностымрэ мэкъумэш хозяйствэмрэ зегъэужьынырщ. АтІэ фи мурадхэр тІэкІу зэфхьэкІауэ, туризмыр нэхъ лъэныкьуэ евгъэзэу ара ар кьыдзэрыгурыІуэнур?

- Хьэуэ, ари лъэныкьуэ едгъэзыркьым, туризмым и Іэнатіэм ди дежкІэ, ятепхэми хуэдэу, мыхьэнэщхуэ иІэщ. Къэбэрдей-Балкъэрым хуэдэу турист-рекреацІэ хэмылІэщхуэхэр зиІэхэр кьэгъэуэтыгъуейщ икІи, зэрыгурыІуэгъуэщи, а Іэмалыр дэ нэгъасвуэ кьэдгъэсэбэпынущ. Пэжщ, инвестицэ зэхуэсыдхуэхэм дэ щыдгъэльагъуащ промышленностымрэ мэкъумэш хозяйствэмрэ щыдгъэзэщІэну ди мурад проектхэр икІи ар республикэм и экономикэм и Іэнатіэ нэхъыщхьэхэм зегъэужьынымкІэ стратегием кьоззгъ. Ауэ мэкъумэш Іэнатіэм щыдгъэзэщІэну проектхэри промышленностыр кьэгъэщІэрэщІэжьынымкІэ бизнес мурадхэри туризмым и дежкІэ мэхьэнэщхуэ зиІэ Іуэхуу, абы зегъэужьынымкІэ сэбэп кьуэу щытынущ.

Фигу къэзгъэкІыжьынщ Іуащхьэмахуэ Къэбэрдей-Балкъэрым шэч кьыІэпытмыхьэжьи и дамыгъэу зэрыщытыр. Іуащхьэмахуэ льапІэ республикэм и адрей районхэмэ туризмымкІэ Іэнатіэм и инфраструктурэр щрагъэфІакІуэ, щІэуэ щІэзэтрагъэувэ. Іуащхьэмахуэ льапІэ и инфраструктурэм кьыхуэщІагъэуІуэ инвестицэхэм я нэхъыбапІэр 2008 - 2013 гъэхэм ятещІыхьа «Урысей Ипщэ» федеральнэ программэ хэхам хиубыдэу кьауТІыпщ. Мыхьэнэщхуэ зиІэ апхуэдэ проектхэм ящыщщ уэсэ укьхуэмрэ джабэхэр зыльэс псыдзэмрэ зэрызыщахьмрэ уэхуэныгъэхэр егъэкІуэкІыжьи, ирафыну псыр зэрикІыну бжьамийхэр укьуэдгъиныр. Мы щыналъэм щагъэзэщІэну турист проект нэхъыщхьэ дыдэр сом меларан 2,6-м щІигъу зытекІуэдэну «Азау» бгы-лыжэ комплексыр укъуэзырщ. А псоми кьадэкІуэу, яджьипсту хопльэ Урысейм и Инвестицэ фондым кьыхэкІыу бюджет ахьшэ кьеІыхьынымкІэ щыІэ Іэмалхэм. Іуащхьэмахуэ льапІэ кІапсэ гъэзэгъэхэр щаукъуэдиящ, туристхэр щыпсэуну унэщІэхэр яухуэ. Зы ильэсым кьриуфыдзэу лажьэу ятІупщащ псори зэхэту щІалэгъуалэ-укъызэщІэзэзыгъапльэ» адрей псыхэкІэри, ахэр ди кьэралым кьызэребгъэрыкІуэ химиие щхъухьщ.

Зэлущ1эм прихьэлІаехэм зэакьылгъуу кьаупьытащ фадзмрэ наркотикхэмрэ зэрапэщэтын, псом хуэмыдэу щІалэгъуалэр кьыззэрырагъэлын программэ тэмэмхэр ящэбыхуэн папщІэ нэхъыбэрэ зэІущІэн хуейуэ.

ХЬэЛЫШХ Аннэ.

● Хъыбарыф1

Зэраубзыхуам тету

КъБР-м псоми я зэхуэдэ щІэныгъэм зэрыщыхурагъаджэ щІыкІэр егъэфІакІуэным теухуа Іуэхугъуэхэм хыхьэу, Іуащхьэмахуэ районым и Бейдыдж къуажэмрэ Шэрадж куейм и Къэщкьэтэу поселкэмрэ я школхэм тІысыпІэ щыкІуэ зиІэ «Гъэль» автомашинэ зырыз тыгъэ хуащІащ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балкъэрым егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Щхьэгъэпэсо Сэфарбий автомашинэхэм я Іункіыбзэлухэмрэ я тхылъхэмрэ гуфІэгъуэ щытыкІэм иту школхэм я унафэщІхэм ритыжащ. ЕджапІэхэм я гаэлэхэр ГОСТ-м къигъэувэкІ къэтІасэ, ахэр шыкагъэунэшагъэм хуэщІащ, хьыбарегъащІэ связыр хэтщ, еджакІуэхэм я хьэпшып тельхъэпІэхэр яІэщ.

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, мы программэм ипкъ иткІэ, Прохладнэ, Бахьсэн кьалэхэм, Аруан районым хьмэ Псынабэ кьуажэм я школхэм тІысыпІэ 22-рэ зиІэ автобуси 3 нэгъабэ и дыгъэгъазэм ираташ. Альтуд кьуажэм и курыт еджапІэ №2-ми апхуэдэ автобус мыгувэу Іэрыкьэнущ.

КІУЖ Иннэ.

● Бахъсэн куей

Ныбжьыщ1эхэм папщ1э

Кьулькьужьи Ипщэ кьуажэм и еджапІэ №1-м зи школ кІуэнэу я ныхьуа сабий 900-м щыІэхьыпІьыну пэшыщІэ кьыщыхэІуахащ.

ЕДЖАПІЭМ щыщу кьамыгъэсэбэпыжу щыта Іыхьэр зэман кІэщІкІэ зэрагъэпэщыжащ. АбыкІэ щІыпІэ администрацэм дэІэпыкьуэгъуэшуэ хуэхьуащ мы Іуэхум сом меуанм 3-рэ мин 660-рэ хуэхэыха республикэ Правительствэр. А ахъшэмкІэ унэльащІэхэр кьащэхуащ. Иджы Кьулькьужьи Ипщэр сабий гъэсапІэкІэ гугъуехь хэтыжьынукъым. Щыщ-нэмыщІауэ, ныбжьыщІэ 70 здэкІуэ гъэсапІэ щхьэхуи яІэщ.

Арами, куейм щыщу сабий 900-м нобэ апхуэдэ Іэмал ягъуэтыркъым. Абы кьыхэкІыу, район администрацэм и унафэщІхэм я мурадщ ныбжьыщІэ 600-м нэблагъэм ятещІыхьа апхуэдэ гъэсапІэхэр жылагъуэ зыбжанэм щаухуэну.

Бахъсэн куейм егъэджэныгъэмкІэ и Іуэхущапіэм и унафэщІ Абрэдж Тамарэ кьызэрыджриамкІэ, сабий гъэсапІэхэм я программэм кьуажэхэм я щэнхабзэ щІэин кьулейр кьыщагъэсэбэпынущ.

АЛОКЪУЭ Аринэ.

Жажьр къэпІъыхъуэну губзыгъагъэкъым

«Псоми дэ зэхуэдэ Іуэху» жьылагъуэ зэщІэхъеенымгъэм Москва дэт члисэ нэдгъэкъэм щритхьэкІа Урысейпсо конгрессым хэтахэр зытепсэлъыхьа Іуэху нэхъыщхьэр Урысейм и щІыхухэр фадэм щыхьэмэнырщ.

Абы УФ-м и субъекту 81-м кьикІа лІыкІуэ 500-м щІигъу хэтащ. Ди республикэм и щэкІэ урысейпсо зэхуэсым ирихьэлІащ КъБР-м Узынщагъэр хьэмэнымкІи и министерствэм и Іэщагъэлъ-эксперт Древеэ Альбинэрэ Налшык кьаІэ округым и администрацэм хьыбарегъащІэ техникогъэкъэм щритхьэкІа Урысейпсо конгрессым хэтахэр зытепсэлъыхьа Іуэху нэхъыщхьэр Степанов Андрейрэ.

- ИкІэм-нкІэжьм ди кьэралым щыІэтеубащ мы Іуэху гуэзвэгъуэм пэщІэт зэщІэхъеенымгъэ, - кьыхигъэщхьэхуэкІащ Степанов Андрей, зэІущІэр кьызэрыщыхьуам и гугъу щищым. - ЩІалэгъуалэм кьагурыІуэн хуейщ я жажьлыр кьагъэсын папщІэ я жьым кьрахьуэр ахъшэ зэратыр. Фадэм кьыдэкІуэу шынагъуэщ -укьызэщІэзэзыгъапльэ» адрей псыхэкІэри, ахэр ди кьэралым кьызэребгъэрыкІуэ химиие щхъухьщ.

Зэлущ1эм прихьэлІаехэм зэакьылгъуу кьаупьытащ фадзмрэ наркотикхэмрэ зэрапэщэтын, псом хуэмыдэу щІалэгъуалэр кьыззэрырагъэлын программэ тэмэмхэр ящэбыхуэн папщІэ нэхъыбэрэ зэІущІэн хуейуэ.

ХЬэЛЫШХ Аннэ.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Республикэм законхэр кьыдзэшІыгъэкІ и органым и зи чэзу зэІущІэр 2012 гъэм мазаем и 29-м КъБР-м и Парламентым и Унэм щекІуэкІынущ.

ЗэІущІэм щыщІидзэнэр сыхьэти 10-рэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

ООН-м и Секретарь Нэхъыщхьэ Пан Ги Мун къэрал къэралыгъуэхэм я лигэм (ЛАГ) и лІыкІуэу Сириемрэ игъэкІуащ ешыр зыпэрыт къулыкъум нэхъапэІуэкІэ тета Кофи Аннан.

«Кофи Аннан игъэзэщІэнущ Сириемрэ залым зехьэнымрэ цІыхум и хуитыныгъэхэр кьызэпыудыныгъэ кьыщызэтегъэуВыІэныМ, а къэралыр зэрыт кризисым мамыру кьызэрыхэкІыфмэ Іэмалхэр къэгъуэтыныМ пыщІа къэлэнхэр», - щыжаІэ ООН-мрэ ЛАГ-мрэ я Секретарь Нэхъыщхьэху Пан Ги Мунрэ Набиль аль-Арабирэ кьызэдащта заявленэм.

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, 2011 гъэм и Іэтатхэпэ льандзэр увэрыкьым Сириеи и правительствэм и бийуэ зыкьыщызэІыІэтахэр. Мамыру псэу цІыхухэр, хабзэхъуэм органхэм я лэжьакІуэхэр зэрыхэкІуэдам теуха хуэзбарыщІэхэр махуэ хэсс къат. ООН-м кьызэрригъэІыгъэмкІэ, апхуэдэу, ирихьэхэм я бжьыгъэр щыІэ мини 5-м щІигъуащ. Абы щыщу цІыху минитІым щІигъур хабзэхъуэмэ органхэм я лэжьакІуэу жеІэ Сириеи и властым.

● Хъыбарыф1

Арктикэм к1уэну загъэхьэзэр

2015 гъэ пщІондэ Китаймрэ Щ1ыпІэр Ищхьэрэ полюсым и гъэІуэнущ экспедициэ 2. КНР-м Антарктидэмрэ Арктикэмрэ я Іуэхукіэ и къэрал управленэм кьызэригъэпэгъуэмкІэ, абы Ищхьэрэ полюсым зыщыгъэбыдэным дяпэкІэ къаруушхуэ ирихьэлІэнущ. Китайм дежкІэ а щІыпІэм мыхьэнэщхуэ зэриІэр гурыІуэгъуэ тщІещІ а къэрал управленэр зэрыщІэр къудейми.

ДыкъэзыІухъуреихь дунейми Арктикэм и дуней щытыкІэми зэрызэхъуэжар Китаймрэ кьыжьэхэмыуэу кьанэркъым. Аращ КНР-м и щІэныгъэлІхэм я мылылъэ щІыпІэм гулъытэшхуэ щІыхуащІыр, - жеІэ а управленэм и лэжьакІуэхэм ящящ зым.

- 2013 гъэм КНР-м псым триутІыпщхэнущ мылкъутэ кьуэхьыщІэ. Абы и ужькІэ Китайм зэУ Арктикэмэ Антарктидэмэ хуэгъэкІуэнущ экспедицэ щхьэхуэхэр, а мылылъэ щІыпІэхэр джьным кьаруушхуэ ирихьэлІэу, - жеІэ КНР-м дуней щытыкІэмкІэ (климатологиемкІэ) и центрым и лэжьакІуэ Ции Ван.

Абы зи гугъу ищІ мылкъутэ кьуэхьыщІэр зэпкърыпхьхэм яух. Абы и уасэщ доллар мелуан 200 хуэдиз, хуэкъутэнущ зы метррэ ныкьуэм щІигъу зи Іувагъ мылхэр икІи пІалъэ кІыхькІэ хы гъуэгуанэ тетым хуэщІащ.

Дунейм и щытыкІэнур

«meteonovosti.ru» сайтым къэзэритымкІэ, Налшык мащІэу пшэ щытетынущ. Махуэм хуабэу градуси 2, жэщым щЫІэу градуси 4 щыІэнущ.

Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 8-рэ дакьикъэ 30-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 18-рэ дакьикъэ 56-м.

Хьуам и псыгъэр процент 89-м нэсынущ.

Мазаем и 27, *блыщхьэ*

u Доминикан Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - 1844 гъэм къэрал щхьэхуит хьуащ.

u Мазаем и 27 - мэлыжьхьым и 14-хэм ящыстнэхэм я нэщІ маззэщ.

u Мазаем и 27 - гъатхэпэм и 23-хэм Женевэ (Швейцарие) щекІуэкІынущ ООН-м ЦІыхум и хуитныгъэхэмкІэ и совет-тым и 19-нэ сессие.

u Мазаем и 27 - гъатхэпэм и 8-хэм Париж (Франджы) щыІэзэхэтынущ ЮНЕСКО-м и Гъэззэщ1акІуэ советым и 189-нэ сессие.

u 1945 гъэм **Мэсэй Аслъэндджэрий** Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэр кьыфІащащ.

Дунейм и щытыкІэнур

«meteonovosti.ru» сайтым къэзэритымкІэ, Налшык мащІэу пшэ щытетынущ. Махуэм хуабэу градуси 3, жэщым щЫІэу градуси 2 - 3 щыІэнущ.

Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 8-рэ дакьикъэ 28-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 18-рэ дакьикъэ 58-м.

Хьуам и псыгъэр процент 89-м нэсынущ.

Пл1анэпэр зыгъэхьэзырар ГЪУЩІО Зарифщ.

Мазаем и 26, *тхьэмахуэ*

u 1992 гъэм Ходжалы кьалэм кьыщыхьуа гуауэм хэкІуэдахэм я фэеплъ махуэр Азербайджаным щагъэлъапІэ.

u 1991 гъэм Ираким и дзэр Кувейтым и щІыналъэм ирахужащ.

u Сенегалым президент щыхахьинущ.

u 1712 гъэм Урысейм и пащтыхь Петр I и унафэкІэ Тулэ кьыщыззрагъэпэщащ Іэщэ щызэпкъраплъэ завод.

u 1990 гъэм Советыдзэр Чехословакием кьрашыжьи щІадзащ.

Дунейм и щытыкІэнур

«meteonovosti.ru» сайтым къэзэритымкІэ, Налшык мащІэу пшэ щытетынущ. Махуэм хуабэу градуси 2, жэщым щЫІэу градуси 4 щыІэнущ.

Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 8-рэ дакьикъэ 33-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 18-рэ дакьикъэ 54-м.

Хьуам и псыгъэр процент 90-м нэсынущ.

Мазаем и 26, *тхьэмахуэ*

u 1992 гъэм Ходжалы кьалэм кьыщыхьуа гуауэм хэкІуэдахэм я фэеплъ махуэр Азербайджаным щагъэлъапІэ.

u 1991 гъэм Ираким и дзэр Кувейтым и щІыналъэм ирахужащ.

u Сенегалым президент щыхахьинущ.

u 1712 гъэм Урысейм и пащтыхь Петр I и унафэкІэ Тулэ кьыщыззрагъэпэщащ Іэщэ щызэпкъраплъэ завод.

u 1990 гъэм Советыдзэр Чехословакием кьрашыжьи щІадзащ.

Дунейм и щытыкІэнур

«meteonovosti.ru» сайтым къэзэритымкІэ, Налшык мащІэу пшэ щытетынущ. Махуэм хуабэу градуси 3, жэщым щЫІэу градуси 2 - 3 щыІэнущ.

Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 8-рэ дакьикъэ 28-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 18-рэ дакьикъэ 58-м.

Хьуам и псыгъэр процент 89-м нэсынущ.

Пл1анэпэр зыгъэхьэзырар ГЪУЩІО Зарифщ.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іэтащхьэ и Указ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и мэкъумэш хозяйствэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІэ льапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Республикэм и мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным кьаруушуэ зэрырихьлІам икІи илъэс куэд льандзэр хэзылэлу зэрылажьэм папщІэ «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и мэкъумэш хозяйствэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІэ льапІэр фІэщын **Рахаев Исмэхьил Абдулэрим и кьуэм** - Шэрэдж муниципальнэ районым щыщ Безенги къуажэ жылагъуэм и Іэтащхьэм.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм мазаем и 20-м
№29-УГ

● КъБР-м и Оперативнэ штабым къет

Сакьыр Тхьэм ехьумэ

Республикэм и щ1ыхуэу щ1Іэ зыхуэтщ1хэ!

УФ-м и Президентыр, щ1ыпІэ унафэр зезыгъакІуэ лІыкІуэ органхэм я депутатхэр щ1ыхьэхьуэм дыщ1ыхьэхьуэну лъэхъэщ1эм терроризмкІэ щ1ыпагъэ щ1ы1эщ1. Я щ1ыныкъуэ экстремистхэм адыгэр я мурадщ КъБР-м щ1ыпІэ щ1ытыкІэр зэІагъэхьэну, диверсие Іуэхуэхэр зэхащІыхьыну.

ЦІЫХУХЭМ я гъащІэр зыхьынкІэ хьуну щІэпхъаджагъэхэр кьэмыхьэн папщІэ, КъБР-м и Оперативнэ штабым ЦІыхухэм захуегъаІэз сакьыр. Жылагъуэ транспортым фыщисым, цІыху зэхуэсыпІэхэм фыщыщыІэм деж, шэч фэзыгъэщІ хьэпшып зэмылІэужьыгъуэхэм гульытэншэу фаблэмкІ. Апхуэдэхэм дежь зыхуэфащэ кьулыкъущІапІэхэм фыпсалъэ. Апхуэдэу гуплъагъ фхэлъу фыщытмэ, фи гъащІэри фи гъунэгъуэхэм я гъащІэри фызыта хьунущ.

Терроризм щІэпхъаджагъэхэр ялэжьыну зэрагъэхьэзырым, цІыху гуэрхэм лагьым Іэрыщ1эхэр, Іэщэ зэраІэм щыгъуазэ фыхьуамэ, шэч фэзыгъэщІ хьэпшып флъэгъуамэ, щІэпхъаджагъэ ялэжьынкІэ хьуну гурыщхьэу зыхуэфащІ цІыхухэм фахуэзамэ, хабзэхьуэмэ органхэм ихЫщІапІэкІэ хьыбар егъэщІэ.

Фэ кьыббгъэдэкІ апхуэдэ дэтхэнэ зы хьыбарри фІэкІыпІэ имыІэу ябащІыгъэнущ икІи хабзэр хьуэмыи, цІыхуэхэм шыпагъуэ кьатемыгъэхьэным хуэунэтІауэ зыхуэфащэ Іуэху псори зэфІагъэкІынущ. Апхуэдэ хьыбархэр кьызэбгъэдэкІа цІыхуэхэр КъБР-м и Оперативнэ штабым хэІуцІыІуэ ищІынукъым.

ИкІэщІыпІэкІэ фызэдэпсалъэ хьуну телефонхэр:

КъБР-м и Оперативнэ штабым - **48-15-48**;

УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм - **48-16-02, 48-15-81**;

КъБР-м щыІэ МВД-м - **40-49-10, 49-50-62**;

УФ-м и МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щыІныгъэм щыІэм и «Э» центрым - **42-70-52**;

Урысейм Следственкомкі и комитетым Следственкомкі и управленэу КъБР-м щыІэм - **77-64-22;**

УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм - **39-99-99**.

■ Зэ1ущ1эхэр ■ Іуэху еплъыкІэ ■ Дифі догъэльапІэ

КЪЭБЭРДЕЙ

■ ТВ, радио нэтыныхэр ■ Щ1эбэт кьыдэкІыгъэ ■ Малъхъэдис

«Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэ Болэт Арсен

● Къудыкъу

«Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэу яГъэуна Болэт Арсен редакцым и лэжьакІуэхэм эсэмахуэу яхишащ КъБР-м ЦІыхубзэ хьыбарегъащІэ Іуэхущапіэхэмкі и и къэрал комитетым и унафэщІ Кьумахуэ Мухьэдин.

Болэт Арсен Хьэбыж и къуэр Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и журналистыр, КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я щІыхь тхылъхэр, республикэм и министерствэ, ведомствэ зыбжанэм я дипломхэр кьратащ. 2007 гъэм ар ильэсым и журналист нэхъыфІу кьалытащ.

Болэт Арсен 1963 гъэм Тырныауэ къалэм кьыщалъхуащ, Бахъсэн дзт курыт еджапІэ №3-р кьиухащ. «Автозапчасть» заводым электромонтеру щылэжьащ. Стратегие мыхьэнэ зиІэ ракетэ дзэхэм кьулыкъу щищІащ.

КъБКъУ-м тхыдэмрэ филологиемкІэ и кьудамэр кьухэрі, «Советская молодежь» газетым и корреспондент зыльэпсэуІуэ щытащ. 1994 -1996 гъэхэм «Северный Кавказ», «Комсомольская правда», «Вести городов Юга России» газетхэм я собкорру щытащ. 1996 гъэм щегъэжьауэ 2000 гъэм нэсыху Налшык къалэм и щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущапіэм и унафэщІу, абы щыІэкІуэу «Нальчикские новости», «Моя республика» газетхэм я редактору лэжьащ. Абы и ужькІэ илъэситкІэ УФ-м и Суд Нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм и суд департаментым и пресс-Іуэхущапіэм и унафэщІу щытащ.

2009 гъэм и мазаем щегъэжьауэ нобэм къэс «Московский комсомолец» в Кабардино-Балкарии» газетым и редактор нэхъыщхьэщ, иджьари а къалэныр зэдгъэкІ.

«Кабардино-Балкарская правда» газетым Болэт Арсен илъэсиблкІэ щылэжьащ информацмкІэ, публицистикэмкІэ, спортымкІэ и къудамэм и унафэщІу, абы кьыхэкІыу лэжьыгъэм фІыуэ щыцІэрыІуэщ.

Болэт Арсен унагъэщ, балигъ хьуауэ бынитІ иІэщ.

Лъэпкъ Іуэщ1ыгъэ:

ФІыуэ пльъагъу Іуэхум Іэр хуэжьыІэщІэщ.

Къабэрдей-Балъкъарым и экономикэр: къикIуэтыпIэ щыIэкъым

(ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Абыхъм къадэкIуэу, «Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым, Краснодар краим, Адыгэ Республикэм турист кластер къыщыдзэгъэпэщыным и Iуэхугъэ» Урысей Федерацым и Правительствэм къыщта унафэм ипхъ иткIэ, турист-рекреацэ экономикэ щыIалъэ хэхаэр Къабэрдей-Балъкъарым и муниципальнэ щыIалъэу щыи - Iуащхьэмахуэ, Шэрдэж, Шэрдэжи районхэм кьыщыIэрагъэпэщыну я мурадщ. Абыхъм Дзэлыкъуэ районри яхэгъэхэнымкIэ щыIэ Iэмалхэм хоплъэ. Абы туризмым и Iэнатlэм екъэлIа проектхэр гъэзэщIэнымкIэ щыIэ Iэмалхэм гъэуэна пIалъэм гъуэ нэхъ тынш кьыщынчу, сыту жыпIэмэ инвесторхэм дзэпкъыкъыныгъэ пыухыкIахэр етыныбмкIэ, псалъэм папщIэ, налогхэмкIэ яхудэчыкъыныбмкIэ, Iэмалхэр кьыдэзыргъэпэщынчу.

Iуащхьэмахуэ льапэ дунейпсо мардэхэм ящеэзэгъ бгыльыжэ комплекс щызэтегъэуэвэныжкIэ ди мурадыр дэ Iэщыбэ тщIынукъым икIи абы папщIэ инвестицэу ахьшэшхэу кьызэщIэгъэуIуэным дяпэкIи делэжьынуф.

- Куэдым жаIэу щытащ терроризм пэщIэтынымкIэ щытыкIэ пыухыкIа зэрыщагъэувам кьыхэжьIу Iуащхьэмахуэ льапэ зыгъэпсэхуакIуэ дяпэкIэ зыри мыкIуэну щыIэкъым ральытэр. Турист щыIалъэм зыгъэпсэхуакIуэхэр ихьэну хуит ящIыжа нэужь, а щыIэпIэм щыIэ щытыкIэм зихуэда? Иджыпсту абы ущыIэну щынагъуэкъэ?

- Апхуэдэу жызыIэу щытахэр Iуащхьэмахуэ льапэ щымыIахэрщ, абы и дахагъэр зымыльэгъуахэрщ икIи а щыIэпIэм хабзэр зэрыщыIэзэрагъэувэжьым теухуауэ пресс-сэм кьытехуа гъэгъэ зэгъэшIэн игъэшынахэрщ. Европэм и щыгу нэхъ льагэ дыдэм и дежьбэхэм зэ нэхъ мыхьуми лыжэкIэ кьежэхэм эзи ар игу ихунчуныкIи икIи зэпымыуэу кьытригъэзэжьурэ кьэкIуэнущ. Туристхэр а щыналъэм ихьэну хуит зэрращыжу, Iуащхьэмахуэ льапэ щыIэ пансионатхэмрэ хьэщIэщхэмрэ лыжэкIэ кьэжьхьыныр фыуэ зыльагъуэхэр щIэз хьужу хуежьащ. Уэсым щIигъэна джабэхэм я гуапэу кьыщажьихь Москва, Санкт-Петербург, Ставрополь краим щыщ туристхэм. Iуащхьэмахуэ льапэ туризмымкIэ и комплексым зэуэ щыху мин 15-м нэблагъэ кьырнгэблэгъэфынущ. Дэ щэсынIэ дохьэ абыхъм щынагъуэ кьаззэрыгемыхьэнумкIэ. Абдзэр нэсу кьыззэрегъэпэщынчу кьарузэхэу Iэнатlэхэмрэ уней хьумакIуэ Iуэхущlапlэхэмрэ я лэжьакIуэхэм.

КIапсэ гъуэгуэгъэ зэрыщыщIэжьыу зыхуей хуагъэзащ, абыхъм я техникэ щытыкIэр кьапщытащ, Iэмэпсымэхэм я лэжьэкIэм ягъэуба пIалъэм кьриубыдэу кIэльопуль, лэжьакIуэхэм я Iэщагъэм хагъэхъуащ. Азау, Чегет хуейхэм а щыIэхэм щекIуэкIым зэрыкIэпхыльыпль Iэмэпсымэхэр щыгъэувыныр нагъэблэгъащ. КьежэжьпIэ псори кьахухьащ, гъуэгугъэпльагъуэ тхыгъэхэр щыфIадзащ. Апхуэдэу нэм кьыIуидзэу фIэльц бгы лыжэкIэ кьыщажьхьы щыпIэхэм щызекIуэ хабзэхэр. Щымахуэм ирихьэлIэу хьэзыр ящащ уэс Iэрыщ зэрыгракIутэ Iэмэпсымэр. Азау хуейр зэIуэзэпэщ ящIащ. Аращи, Iуащхьэмахуэ льапэ фыкьебелагъэ!

- Дотащхэр зэрыгъэмащIэкIэ Къабэрдей-Балъкъарыр Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм хиубыдэ адрей и гъунэгъуэм фыкIэ кьахощ. Абы зыбжанэрэ тепсэльыхьащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу мы щIыналъэм щыIэ Хлопонин Александри. АтIэ мы зэманым кьэвгъэсэбэн кьэрал ахьшэмрэ уней мылькумрэ сыт хуэдиз хьурэ?

- Иджыпсту шэч кьытумыхьажу кьэбгъэльагъуэ хьунущ дотащхэр зэпымыуэу нэхъ мащIэ зэрыщIыр: 2005 гъэм ахэр процент 72-рэ хьууэ щытамэ, 2010 гъэм зэрыкIуар процент 48,7-рэщ, 2011 гъэм процент 45,7-м нэсу едгъэхьанну дгъэуващ. Дотащхэм ди лэжьыгъэр зэрелыстар дэ псом япэу кьыззэрегъэтIасхьэр дэ кьэдлэжьыжь хэхъуэхэр нэхъыбэ зэрыщIыщым и хьэкIкIэщ. Ахэр зэрыщIыщым и кьыщалъэ Берд Хьэзрэталий Тыркум щыщ Къайсэр милайстым и губернатор Яхэгуаущ Нихьэт тыгъэ ирет. *Къайсэр къалэ. 2002 гъэ*

Щикъухьащ адыгэр дунеижьым

●Iуэху епIыкIэ

Лэжьыгъэкlэщ Iуэхухэр зэрыдагъэкIыр

УФ-м и Премьер-министр Путин Владимир къытырригъэдза «Захуагъэ зэтетыгъуэн, Урысейм и социальнэ политикэр» тхыгъэр, ипэжьыпIэкIэ жыпIэмэ, къэралым щыIэ социальнэ щытыкIэр игъэфIэкIуэным хуэунэтIа программэщ. Абы къыхэкIыу уимыгъэпIейтейуэ къанэрэкъым. Премьерым Iуэху куэд кьыхэзыщIыкъуэ, щIэныгъэ зэгъэзгъэуэтыным и лъэныкъуэкIэ социальнэ захуагъэ зэтетхъуэрэным, школ-хэм я лэжьакIэр зэтеуухуэным щегъэжьауэ сабийхэм щIэныгъэ гуэдзэн зэрырагъэзгъэуэтыр аргуэру кьэралым и унафэм щIэгъуэжьыным нэсу. Мис а мужьрей Iуэхум нэхъ зэпкърыхауэ дыкъэзытеуыбIэну дыхуейт.

ЩIэныгъэ гуэдзэн зэрырагъэгъуэт щыкIэм иужьрей илъэсхэм хуэфащэ гулъытэ зэрыхуамыщIыжьым кьыхэхкIыу гъэсэныгъэри екIэкIуащ икIи абы кьрикIуэ мыхъумыщIагъэ кьыхэхкI, щIалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ щIэныгъэ пыухыкIа ягъуэтауэ гъащIэм хьыкъу хуежьа псоми, ахэр хэуумуи цIыхухэми нэхъ ихуэгугъуIэ хъуащ.

Дэ шэч кьэзытехьэркъым иджыпсту Урысейм и идеологиер сабийхэм ерэ фIыцэ зэхащIыкIыу зэрыхуежьэу гурыгъэIуэн зэрыщIэдзапIхьэм, абы папщIэ школхэм щыIа сабий зэгъэзэнагъэхэр кьызэгъэпэщыжьын зэрыхуейм. ЦIыкIухэм яфIэгъэщIэгъуэныр, я гумрэ я псэмрэ нэхъ зыкIэрыпщIар нэхъ псыхущIэу кьащта, я кьыхуеджэныгъэ купщIэншэхэм нэхърэ.

Иджыблагъэ дэ дахуэзауэ щытащ Чартан кьуажэм дэт интернат-еджапIэм щIэс сабийхэм. Дыбзыщынкъым, дэ тIэкIу дыIэнкIэт, сыту жыпIэмэ, щIыкIуэр я ныбжькIэ хуабжьу зэщIэкъщыкIырт икIи а псоми зэхуэдэу яфIэгъэщIэгъэныгъэ купщIэншэхэм псалъэмакъ тхуемыгъэкIуэкIыну кьытIыкIыурт. Ауэ республикэм и тхыдэм, абы щыпсэу цIыкIухэм ятеуухуа хьыбарэм ирогъ щыму щIэдзIуащ.

Дэ щыгъуэ зэрыкъуэкIуащ, ди республикэм щыпсэу ныбжьыщIэхэм я нэхъыбэр щыгъуазэкъым Къабэрдей-Балъкъарым и тхыдэм и хъэгъэм кьыщыщIэ. Абыхъм акъыпкъ къызыхахын Iуэхуэр нэгъуэщI хэхуэхэм кьыщалъхьхуэну гъуэнтIэ пыухыкIагъэ дагъэщI, гъэсэныгъэм хуэфащэ гулъытэ игъуэтыжьыну уагъэгъуэ.

КОТЛЯРОВХЭ Мариерэ Викторрэ.

●Зэпеуэхэр

«Школ унафэщI нэхъыфI-2012»

Хабзэ хъуауэ, илъэс зыбжанэ ящIэнурэ ди къралым щокIуэжьI курыт еджапIэхэм я унафэщIхэм я урысейпсо зэпеуэ. Мазаем и 1-м я ятла мыгъэрей зэхъэзэхуэри нэхъыбэу зытрауухуэр школхэм я унафэщIхэм я эффIкI псори нэсу къэгъэнэIуэныщ.

ЗэпеуэМ хэтыну ирагъэблагъэ ди къэралым и курыт еджапIэхэм я унафэщIхэр. Абыхъм я лэжьэкIэр, Iуэху бгъэдыхьэкIэр кьапщытэнщ егъэджэныгъэм фIыуэ хэзыщIыкIэхэм, нэхъапэм екIуэкIа зэхьэзэхуэхэм щытекIуа школ унафэщIхэм.

Зэпеуэр екIуэкIынущ 2012 гъэм и мазае - щокIуэгъуэ мазэхэм. Зэхьэзэхуэр IыхьитIу зэщIхьащIыкъ. Абы хэтыну гукъыдэж зыщIа школ унафэщIхэм мазаем и 8-м кьыщыщIадзауэ мэлыжьыхьым и 15 пщIондэ я дэфтэрхэр ягъэхьан хуейщ зэпеуэм и сайт хэхам: http://konkurs.direktor.ru. Эссе жанрым иту гъэхъэзыра а дэфтэрым, еджапIэм и пашэм унафэщIыным щызыIэригъэхьа екIуэлIэныгъэхэм кьадэкIуэу, кьыщыгъэлъэгъуэу щытын хуейщ абы и нэIм щIэт Iэщагъэлъ Iхэм я зэфIэкIхэр школым и зыужьныгъэм зэрыхуиунэтI щыкIкIэхэри. Ар игъэнэхъыщхьэу, зэпеуэм и кьэпщытакIуэ гупым и унафэщI, «Директор школы» журналым и редактор нэхъыщхьэ Ушаков Константин жаIэ: «Гупым зэгурыIуэныгъэр щытепщэу щытыным мыхьэнэшхуэ иIэщ и Iуэхур дэкIынымкIэ. Ауэ щыхьукIэ егъэджакIуэхэм я кьалэн нэхъыщхьэр я гъэсэжэм щIэныгъэ куурэ гъэсэныгъэфIрэ егъэпсэутыныпэ. Арат абы гулытэ хэха хуэщIыпхъэу кьыщIэтлытагъ».

Дэфтэрхэр сайтым егъэхь хъунущ мэлыжьыхьым и 15 пщIондэ. Ахэр псори зэхуэхьэса хъуа нэужь, абыхъм хэпльэнущ кьэпщытакIуэ-хэр. Абыхъм яхэтщ къэрал органхэм, жылагъуэ зэгухэзныгъэхэм я лIыкIуэхэр, егъэджакIуэ щIрыIуэхэр, егъэджэныгъэ Iэнатlэм фIыуэ хэзыщIыкI экспертхэр. Абыхъм япэ щIыкIэ кьыхахынущ нэхъ купщIафIэу икIи хьэлэмэту кьалытэ дэфтэрхэр. Ахэр зи Iэдакъэщ кIэхэм я щIэхэр жэпэуэгъуэм и 1-м нэIуэ кьэхъунущ. Нужьжь, щэкIуэгъуэм и кIэхэм дежьдэфтэрхэм ящыщу нэхъыфI дыдэхэр зей щкол унафэщIхэр зэпеуэм и еТуанэ Iыхьэм хэтыну Москва ирагъэблагъэнущ. Ахэр утыкум щытепсэльыхьынущ я екъэлIэныгъэхэм хэкIыпIэ хуэхъуахэм, я Iуэху зехьэкIэм зэпеуэм и кьыззэгъэпэщащIуэхэмрэ кьэпщытакIуэ гупымрэ щыгъуазэ ящIынущ. Школ унафэщIхэр хэт хъунущ «ФIыуэ тлъагъу ди школ директор» зэпеуэми. Абы щызэхьэзэхуэнухэм я нэхъыфIхэр кьыхэзыхынур абыхэм папщIэ онлайн-IэIэтым хэтыну егъэджакIуэхэрщ, еджапIуэхэрщ, адэ-анэхэрщ. А унэтIыныгъэм хэтыну гукъыдэж зыщIу унафэщIхэм я лъэIу тхылъхэр http://konkurs.direktor.ru сайтым мэлыжьыхьым и 16-м кьыщыщIадзауэ ягъэхь хъунущ. ФIыуэ плъагъу, пщIэ лъахуэпщI уи школ унафэщIым щхьэкIэ Iэ пIэт хъунущ фокIадэм и 30 пщIондэ.

Зэпеуэм щытекIуэхэр ягъэпэжэнущ 2012 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм. Абыхъм ираты щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр, саугъэт лъапIэхэр. Ахэр кьаблагъэдзэкIынущ зэпеуэр кьыззэгъэпэща «Директор школы» журналым, апхуэдэу абы дэIэпыкIуахэу Социальэ IуэхугъуэщIэхэр дэIыгъыныкIэ «Вольное Дело» фондым, Panasonik, «Стади-Центр», Mimio, 1С компаниехэм, нэгъуэщIхэми. Зэхьэзэхуэм и утыкум кьрахьэ дэфтэр нэхъыфIхэм ятеуухуа тхыгъэхэр «Директор школы» журналым кьытрадзэнущ. «ФIыуэ тлъагъу ди директор» унэтIыныгъэм щытекIуэ школ унафэщIми зэпеуэм и щIыхь тхылъыр фепль саугъэтэ кьратынущ.

КIУЖ Инэ,
КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущlапlэм и лэжьакIуэ.

●ФщIэн папщIэ

Сом мелуани 150-м нэблагъэ

ЛЭЖЬЫГЪЭМ фэбжь хэзыхахэм ират страховойахьшэм мы гъэм и щыIыщым щегъэжьауэ хагъэхъуащ. Иджы ар Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу цIыху минитIым щIигъуэ иЗрыхьэнущ. Абыхъм я нэхъыбэр - 1692-р - лэжьапIэм фэбжь хэзыхахэр уз гъэтIылъа зиЗрэщ. Зыпльжьын зыщхьэщыжьмытыжхэм иратки гущыIагъынущ.

2012 гъэм щIыщыIэм и 1 пщIондэ яГъэувауэ мазэ кьэс ят апхуэдэ ахьшэ псоми процентэ 6-кIэ хэхъуауэ. Ауэ абыхъм я куэдагъэр нэхъыбэ дыдэу ят хъуну хабзэкIэ яГъэува сом 55.900-м фIагъэкI хъункъым. Зэ етыгъуэу хуахьыну зыхуигрэ яГъэбгджыпащ - ар сом 72.701-рэ кIэпIейкIэ 20-рэ мэхъу.

«Iэжьыгъэ Iэнатlэм кьыщыхъу насыпыншагъэхэмрэ уз гъэтIылъахэмрэ тещIыкьуауэ фIэжьIыпIэ зэмыIэ социальнэ страховэмкIэ мазэ кьэс ят страховой ахьшэр индексащ зэращI коэффициентыр зэрагъэувым и Iуэхукъэ: 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 22-м Урысей Федерацым и Правительствэм кьыщта Унафэ №1084-м зэрыщыгъэзыхуам тету, УФ-м Социальнэ страхованэмкIэ и фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кьудамэм и Iэщагъэлъэпхэм индексащ ирагъэкIуэкIащ.

УФ-м Социальнэ страхованэмкIэ и фондым и щIыналъэ кьудамэм гъэкъапIэм фэбжь щызыгъэтхэм мазэ кьэс и гъэмэ и псоми процентэ 6-кIэ хэхъуауэ. Ауэ абыхъм я куэдагъэр нэхъыбэ дыдэу ят хъуну хабзэкIэ яГъэува сом 12-м щIигъу яхухех. Мы гъэм а щIыщIэ я куэдагъэр 150-м нэблагъэ хуэзащIэгъэуIуэну я мурадщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Социальэ страховани-мкIэ и фондым и пресс-Iуэхущlапlэ.

●Шэрэдж куей

Ягу къагъэкIыж

Къэщкъэтау поселкэм щызэхэтащ советыдзэр Афганистэм кьызэрырашыжрэ илъэс 23-рэ зэрырикъуам теухуа пэжIу. Абы ирихьэлIащ куейм и унафэщIхэр, жылагъуэ организацэхэм я лIыкIуэхэр, еджакIуэхэр.

АФГАНИСТАНЫМ щыIа щIалэхэм я реэрыгъэжьагъэ кьыщыгъэ и унафэщI ТхьэгъэлэджэкIэ Тимур зэрыжиIамкIэ, ди щIалэ 1800-рэ а зауэм хэтащ, 40-м щIигъу Шэрэдж куейм щыщщ.

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, псоми кьагъэззэжакъым - 55-р хэкIуэдащ. Ахэр зэи тщыгъупщэнукъым, - жиIащ ТхьэгъэлэджэкIэм.

- Ильэсибгъуэрэ мазитIкIэ абыхъм я кьалэныр щIыхь пылъу хамэщIым щрахьэкIащ. Хэку заузшхуэм и лъэхъэнэм хьэзаб инхэр зышэча ди цIыкуэбр афган лъэпкым кьыщхьэщыхьа гуэзэгъуэм пэмыдджэжу хъуакъым. А зауэр дэтхэнэ ди зы кьалэми кьуажэми кьылъэIэсащ, кьытщIэхъуэ щIэблэм ар ящIэн хуейщ, - кьыхигъэщащ муниципалитетым и Iэтащхэ Темиржанов Махьтэ.

ЗэIущIэм хэтахэм хэкIуэдахэр ягу кьагъэжьажащ, абыхъм я фэеплым удз гъэгъахэр трагъэльащ.

БОЗИЕВЭ Залинэ.

●Къэрал къулыкъущIапIэхэм

ЕтIуанэ илъэс ныкъуэм зэфIагъэкIынчэр щагъэбелджылы

КъБР-м и Правительствэм и Унэм мазаем и 14-м щекIуэкIащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муниципальнэ щIыналъэхэм я совет» ассоциациэр «ЩIыпIэ самоуправленэм и Урысейпсо Совет» жылагъуэ организацэм и республикэ кьудамэм рэ я зэIущIэ зэхэт.

АСМО-М и ПравилЕнэМ и Iэтащхьэ **Пэнагуэ Максим** зытепсэльыхьынчэр игъэбелджыла нэужь, зэхьыхьэм щыIэзэпкърахащ «Зэпымыуэгъуэхэр» бизнес-зэгурыIуэныгъэхэр хьэрычэтыщIэхэмрэ жылагъуэхэм я социально-экономикэ зыужьныныгъэм хуащI хэлъхьэныгъэр зыхуэдэр. КъБР-м и муниципальнэ щIыналъэхэм я зэгурыIуныгъэм и гъэзэщIакIуэ унафэщI **Маслов Николай** зэрыжиIамкIэ, «Урысей Федерацым щIыпIэ самоуправленэ кьыщызэгъэпэщыныжкIэ псоми якуэгъэз хабзэхэм я Iуэхугъэ ирагъэжьауэ федеральнэ законым щыубзыхуахэр нэхъыфIэ зыгъэзащIэн мурадкIэ, муниципалитетхэмрэ унафэр зезыгъакIуэ Iэнатlэхэмрэ «ЗэIыхьэхъуэр» бизнес-зэгурыIуныгъэм я гъэлъапIэ щIыпIэхэм жыджэру ядолажьэ. Абыхъм ящыщ куэд нэгъуэщI щIыпIэхэм щыпсэуми, я хэкур зыщагъэзгъупщэрэкъым, муниципальнэ щIыналъэхэм щеIуэкIэ жылагъуэ-политикэ Iуэхугъуэхэм хэтщ, дэIэпыкъуэгъу мэхъу. ЩIыпIэ самоуправленэхэм я мызакъуэу, щытыкIэ гугъым кьихута цIыху щхьэхуэхэм, зауэм и ветеранхэм, сабий накъыгъэдыкъуэхэм, республикэм и щIыхьыр зыхьумэ спортсменхэм зыщIагъакъуэ, еджакIуэ ящыхьфIхэм стипендие хухах.

- Къапщтэмэ, Прохладнэ муниципальнэ районым и хьэрычэтыщIэу 49-рэ, Iуэхущlапlэу 8 псапащIэ Iуэхугъэм хэтщ. Лэскэн куейм щыщу нэгъуэщI щIыпIэхэм щылажьэхэр кьызыщIэкIа жылагъуэхэм сом мелуан 71-м щIигъыкIэ ядэIэпыкьыгъ. Абыкъ тракторри 2, пхъэнкIигъ зэрыдаш машинэ, экскаватор, автобус цIыкIу, дзэм зэрелъэз Iэмэпсымэхэр, псы кьыщIэщыпIэхэм папщIэ насосри 3 кьащхэхущ, кхъи 4 кьыщызыхьахэр зэрагъэпэщыжащ, нэгъуэщI Iуэхугъэр зэфIагъэкIащ, - кьигъэльэгъуащ Маслов Николай. - Iуащхьэмахуэ районым и хьэрычэтыщIэхэм социальнэ, коммунальнэ Iэнатlэхэм, хуэмыщIахэм, зауэм хэтахэм, сабий ныкъуэдыкъуэхэм сом мелуан 15-рэ мин онхэм фIэкIа нэгъуэщIхэм Баксэн кьэлэ округым щIыпIэ самоуправленэмкIэ и советым и депутатхэм псапащIэ Iуэхугъуэхэр щIэх-щIэхыкъэ кьызэрагъэпэщу, Тэрч хэрейм и хьэрычэтыщIэхэр Дей кьуажэм зэмджэыт щыухуэныжьмкIэ, Плановскэ, Красноармейскэ жылагъуэхэм я кьхъэ зыхуей хуэгъэзэныжьмкIэ щIэтхъэкIуэн хъуащ. Новэ Баксэн кьуажэм и «Газель» автобус щIыкIым хуэдэ кьыхуащхэхуащ. Апхуэдэу еджапIэхэр, ЩэнхабзэмкIэ унэхэр, сабий гъэсапIэхэр зэрагъэпэщащIыжащ, хуэмыщIахэм, спортсменхэм, зи ныбжь хэкIуэтахэм сом мелуани 10-м нэблагъэкIэ ядэIэпыкьыгъ.

Къэпсэлъам зэрыжиIамкIэ, Шэрдэж районым и жылагъуэхэм кьыдэкIа хьэрычэтыщIэхэр щIыпIэм кьыщызэрагъэпэщ Iуэхугъэхэм кьыдержу хэтщ. Унафэр зезыгъакIуэ Iэнатlэхэм я ГъусэУ Балъкъэр Ипщэрэ Безенигурэ «Къуажэм и махуэ» зыфIащуа гуфIэгъэ зэхьэхьэхэр щрагъэжьакIащ, щынкIэзэгъ-гимнастикэ щрагъэжьащ. КъыщыцIэмащIащуэ, стадионхэр, физкультурэ, узыншагъэр щрагъэфIакIуэ комплексхэр уэхуэныжькIэ ядэIэпыкьыгъ, дзжаблэхэм, амбулаторэхэм Iэмэпсымэхэр кьыхуащIэхуащ, хуэмыщIахэм, унагъуэшхуэхэм мылькуитI зыщIагъэкъуащ. Куейм и хьэрычэтыщIэхэм я Iуэхугъуэхэм сом мелуан 20-м щIигъу хуэзащIэгъуэщ. Арутн, Май, Дзэлыкъуэ муниципальнэ районхэм я хьэрычэтыщIэхэри я жылагъуэхэм хъарзынэу ядолэпыкъу.

- Арами, «Зэпымыуэхэр» бизнес-зэгурыныгъэхэр, псапащIэ фондхэр кьызэрагъэпэщыным республикэм и щIыналъэ псоми зэхуэдэу щегугъуркъым, мылькум и нэгъуэщI кьыхэкIыпIэхэр кьалъыхъуркъым. Апхуэдэу хэхъуащхъэ зиЗ хьэрычэтыщIэхэм яхэтщ кьызыдэкIа жылэм зегъэужьыным емыплалIэхэри. Муниципальнэ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэм я кьалэнщ кьалэхэм, кьуажэхэм щеIуэкIэ Iуэхугъэхэм хьэрычэтыщIэхэр нэхъ жыджэру хащэну. ЩIыпIэ самоуправленэхэм я советхэм кьапэщытащ республикэм и хьэрычэтыщIэхэмрэ бизнес-зэгурыныгъэхэмрэ ирагъэкIуэну псалъащ Iуэхугъэр нэхъ зыубгъуагъуэ хэIущIыпу я ящIыну, - кьыхигъэщащ АСМО-м и гъэзэщIакIуэ унафэщIым.

Абы жиIаэхэм дыщIагъэжу зэхьэхьэм кьыщIэкIащ Баксэн кьалэ округым щIыпIэ самоуправленэмкIэ и советым и Iэтащхьэм и кьуэдзэ **Бырхьэн Залинэ**, Аруан, Iуащхьэмахуэ районхэм щIыпIэ самоуправленэмкIэ я советхэм я тхьэмадэхэр **КIуш Валерэ, Отаров Исмэхьим**, Анзорей кьуажэ администрацэм и унафэщI **Кьэжэр Светланэ** сымэ. Ахэр щхьэхуэу кьытеувыIащ уней электрокъарумкIэ кьалэныр процент 105,4-кIэ ягъэзэщIащ. Мы Iуэхущlапlэм нэгъабэ налогыу сом мелуани 138-рэ итащ, абы щыщу федеральнэ бюджетым сом мелуан 58-рэ, республикэм еIм - 78-рэ ялъыс. КъыщыпэмыщIауэ, «Русгидро» компаниеи и хэхъуэм кьыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым сом мелуан 637-рэ кьриутащ ди псыэлектростанцым папщIэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ, Къэбэрдей-Балъкъэр псыэлектростанцэр «Русгидро» ОАО-м 2007 гъэм зэрыгъэгъахьэрэ, абыхъм я лэжьэкIэр егъэфIэкIуэным, щIэ яуухуэным трагъэкIуадэу щыта мылькум хуэдэ 2-кIэ зэрыкъэхуащ. Мы Iуэхущlапlэм нэгъабэ хуэдэ 2-кIэ зэрыкъэхуащ. Абы и фIыщIэщ 2011 гъэм ар сом мелуан 47,2-м зэрыныэблэгъащ, Аушыджэр, Мухол ГЭС-хэм я агрегатхэр зэрыщIэтыу кьызэрагъэщIэрэщIажар. 3-нэ, Акъбащ, Мухол ГЭС-хэм мафIэсым щыщ щыхъуэмэ автоматикэ Iэмэпсымэщ Iэхэр щагъэуващ. Аушыджэр, Кьащхэтау станцхэм щынагъуэнщIэ пылъу я лэжьыгъэр кьызэрагъэпэщ Iэмэпсымэхэр яIэ хъуащ.

Бахъсэн ГЭС-м 2011 гъэм и кIыхьагъкIэ елэжьащ. Абы и унафэщIхэм я мурадщ 2012 гъэм и бадзэуэгъуэм ирихьэлIэу псыэлектростанцыр щIэрыщIэу зэрагъэуэжыну. Гу зылъытапхъэхэм ящыщ 2011 гъэм и зы махуэ кьэмынэу Бахъсэн ГЭС-м цIыху 500-м нэс зэрыщылажьари. Абыхъм ящыщу 350-р Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуагъэрщ.

Электростанцхэм елэжьхэм я пщэ далъхьэж Iуэхугъуэхэм ящыщщ зыпэгъунэгъу жылагъуэхэм зэран яхуэмыхьыныр. Бахьщитэмэ, Бахъсэн ГЭС-р щызэрагъэпэщыжым Зекиэгуэ ХьэтIохъущкIуэйрэ техникэ хьэлъэм щызэхакъута гъуэгуэкэмрэ лъэмыжхэмрэ щIэрыщIэу зэрагъэпэщыжащ. Зекиэгуэ кьуажэщIащ. Бахъсэн ГЭС-р щызэрагъэпэщыжым Зекиэгуэ Хьэтхъущкъуэйрэ, Исльэмей кьуажищым Бахъсэн ГЭС-м кьекIуалIэ бжьамийхэм псы кьахухи щыну.

2013 гъэм кьриубыдэу ди республикэм Зэрэгъыж, Балъкъэр Ипщэ псыэлектростанцхэм лэжьэн щIадзэнущ. Абы нэмыщI, Iэмэн нэхъ жьжьэхэм тещIыхьа мурадыфIэри яIэщ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, Курп ГЭС-хэр уухуэныр.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

●Электрокъару

IэнатIэр йофIакIуэ

«РусГидро» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм 2011 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэр кьыщипщытэж пресс-конференц республикэм и журналистхэм папщIэ кьыззэригъэпэщащ.

КЪУДАМЭМ и унафэщI Отаров Къурмэн зэрыжиIащи, гъэ блэкIам къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ псыэлектростанцхэм кьатын хуей электрокъарумкIэ кьалэныр процент 105,4-кIэ ягъэзэщIащ. Мы Iуэхущlапlэм нэгъабэ налогыу сом мелуани 138-рэ итащ, абы щыщу федеральнэ бюджетым сом мелуан 58-рэ, республикэм еIм - 78-рэ ялъыс. КъыщыпэмыщIауэ, «РусГидро» компаниеи и хэхъуэм кьыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым сом мелуан 637-рэ кьриутащ ди псыэлектростанцым папщIэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ, Къэбэрдей-Балъкъэр псыэлектростанцэр «РусГидро» ОАО-м зэрыгъэгъахьэрэ, абыхъм я лэжьыгъэр псыэлектростанцым зэран яхуэмыхьыныр. Бахьщитэмэ, Бахъсэн ГЭС-р щызэрагъэпэщыжым Зекиэгуэ ХьэтIохъущкIуэйрэ техникэ хьэлъэм щызэхакъута гъуэгуэкэмрэ лъэмыжхэмрэ щIэрыщIэу зэрагъэпэщыжащ. Зекиэгуэ кьуажэщIащ. Бахъсэн ГЭС-р щызэрагъэпэщыжым Зекиэгуэ Хьэтхъущкъуэйрэ, Исльэмей кьуажищым Бахъсэн ГЭС-м кьекIуалIэ бжьамийхэм псы кьахухи щыну.

2013 гъэм кьриубыдэу ди республикэм Зэрэгъыж, Балъкъэр Ипщэ псыэлектростанцхэм лэжьэн щIадзэнущ. Абы нэмыщI, Iэмэн нэхъ жьжьэхэм тещIыхьа мурадыфIэри яIэщ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, Курп ГЭС-хэр уухуэныр.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Дифі догъэлъапІэ

Угупсысэмэц зыщыбужьынур

***Нобэ ильэс 60 ирикъу Ажахъуэ Къанщобий нэхъ гьунэгъуэ фэдгъэцІыхуну мурад дахэ диІат. Ауэ нэхъыфІ дыдэу мы махуэм цІыхум хуэпщІэфынур и жагъуэ умыщІынращи, гулытэ лей зыфІэмыфІ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм зытхутемыхьэлъыхьа и екъулІэныгъэхэм я пІэкІэ щІэщыгъуэ къыщхьэуа и гупсысэжри фп пащхьэ ныдолхьэ.**

- Ильэс 60-м сыт гъащІэм къыхьихьэр, ильэсгъэкІыр, пщыкІухьым, ІэщІрэ хым кьыбгурымыІуауэ?

- ГъащІэм махуэ кьэс зыгуэрым ухуегъасэ, ухуегъэІущ. Нэхъыбэрэ упсэуху, нэхъыбэ эпщыкІ мэхъу. Абы нэмыщІ, кьыбгуроІуэ щІалэгъуэм узэлъхуэгъуэ, узэхъуапсэу щытхэм щыщ куэдым мыхьэнэ зэрамыІэр.

- Сыт-тІэ мыхьэнэ зиІэр?

- Дэтхэнэ цІыхуми гурыІъ гуэрхэр иІэщ. Абыхэм замыхъэжку щыткъым. ГъащІэмэ зехьэуэж, узэрэ зыбохьуэж, уи гурыІъхэмэ захъуэж. Пщэ, зызымыхъуэжу кьэнэн гуэрэн щыІщ. Уэ узыхъмыаразыжкмэ, тэмэму упсэуфырыкъым, упсэри тыншырыкъым. Ауэ узыхуей псори кьохьуІэну гъащІэм щыгугъ хъунукъым. Мыхьэнэ нэхьыбэ зиІэ щыІщ, пхуэзэфІэкІмэ хьарзынэу. ИтІани, узыхуейр кьызэрохьуІам кьикІыбкъым уэ зыгуэрым нэхьрэ унэхьыфІу. Ар уэ апхуэдэу кьэпльытэжу аркъудейщ. Адрейхэм абы мыхьэнэ гуэрэн ирамытІнкІэ мэхъу. Аращи, зытетхыхьэн хуейр адрейхэм кьахуэсэбэным гуэрэн гъащІэм хэтхэрауэ кьыщІэкІынщ. Езым щапхьэ гуэр кьыхимыхьинумэ, сыт зыгуэрым теуХуа тхьэгъэ еджэу цІыхум зэман щІигъкІуедынур?

- ЦІыхум зыгуэр кьыхэрехъуІэ кьудейр щапхьэ пхуэхуькъым. И Іуэху бгъдыдихьэкІэращ нэхъ удэхьхьэхьір.

- Ар уэзреплщ. И гъащІэ гуэргуми удихьэхынкІэхъунущ, и Іуэху бгъэдыхьэкІэр кьыпфэмыІуэхуХэу. Уопльь и гъащІэр зэрекІуэкІами, «Дауэ хуэзфІэкІа ар?» - жыбоІэри уогупсыс. ГъащІэр купщІэ закъуэкІэ кьыпхуэІуэтэну щыткъым. Зэрыщыту захуи, зэрыщыту кьуанши щыІэкъым. Зым джежІэ пэжыр адрейм джежІэ щыуагъэщ. Ауэ, сэ сызэрепльымкІэ, уэ пщІэ зыхуэпщыкьифу, пщІэ кьыпхуэщу, пэжу ущытыфынну кьохьуІэмэ, тэмэмщ. Дэтхэнэ цІыхури зыкьымыгъэпщІэжу зэпльыхьыфмэ, гъащІэм кьыщІыхуэгъуэтынущ щІыщІыхуэмыарэзыжьыни щІыщІыуаи. ЩыщІэныгъэ гуэр зимыІэ щыІэкъым. КьарукІэ зыгуэр зыщыбгъэгупщэжьну уэхтынкІэ кьуэщ, психологхэм зэрыкъаІэм хуэдэу, угиурэ уи щхьэрэ зэтемыкІын щхьэкІэ. Арри хьэлбэлыхькъым. Уэ езым кьыбзыхьгъуэтыжа зэкІпІэу аращ ар, ингу зэмыбгъэжьын щхьэкІэ. Ар уи щхьэ Іуэхущ. Цыхум сэбэн ухуэхъынуи нэгъуэщІ. Сыт цІыхухэр лІыхъжьхъэм ятеуХуа фильмхэм щеплтыир, псалъэм папщІэ, маршал Жуковым теухуауэ? Ахэр зэрыдагъэпытагъуэ кьыщІэкІынущ, психологхэм зэрыкъаІэм хуэдэу, Ауэ ахэр дэхьэтыжагъ зэхэнэми езым кьыхэзыщыІэхурщ, и бгъэдыхьэкІэрщ ди пащхьэ кьрилъхьэр. Ар зытепсэльыхь цІыхур нэгъуэщІ зыгуэру кьыщІэкІынщ зэрыщытар. ЦІыху зэхуэмыдэхэм а лІыхъжьхьэр зыбжьыкІу яІагъкІу. Ауэ, «Пэж жызоІэ» пхуэжьІэнукъым. Дэзыгъэльагъэр и мурадым зэрыльэбгъэ кьудейуэ аращ: е зи гугъу ищІым нэхьри и пщІэр нІэтыну, е ар щапхьэ кьигъэжьу цІыхухэр фІым тригъэгушхуэну. Мыбы хуэдэ фІыхъуфынущ жиІэ щыкІэу. Псори зэльытар цІыхур утыку кьизышъэ зыхуищІыж мурадращ: гъэсэныгъэ е кьыхуеджэныгъэ гуэр. Мы дунейм сыт хуэдэ Іуэху ущримыхьэлІэми, ауэ пльаГъу къудейракъым зытещІыхьэн Хэт хэбі хуейр - аращ нэхьапэр. Зыдгъэгубзыгъэ щхьэкІэ зи гурыгуаэзкІэ къатщІэр нэхъыбэщ, ауэ ар ищІэрэ псори акъылым и закъуэ-

кьым дІэщІ зыщІыр. Ари гъащІэм щыщ.

- ЦІхьэж зы пльапІэ гуэр дІІэщ, абы дытелЭбэмэ - дигу хэхьуэу, дыблэІэбыкІмэ - дигу хэщІу. Уэ сыт уигу хэзыгъэщІыр?

- Дунейм къэпкІухьрэ уеплъмэ, тэмэму кьызэгъэпщэчу псэу жылагъуэ уроХьэлІэ - кьуажэ ирехьу, кьалэ ирехьу, къралрехьу. Кьыбогъэзэжри уоплъри: «Дэ щхьэ апхуэдэу дыщымытрэ?» - жыбоІэ.

- Сыт-тІэ дыщІыщымытыр?

